



Pou Piblikasyon Imedya: 05/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN EKLERAJ LED DINAMIK NAN EMPIRE STATE PLAZA

*Nouvo sistèm ekleraj ekoenèjetik devwale nan pye bwa limen sezon fèt la, ki klere Empire State Plaza nan koulè sezon fèt yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse achèvmman yon pwojè ekleraj LED nan tout bilding Empire State Plaza k ap pèmèt plaza a pou li kolore nan fason dinamik nan okazyon espesyal yo. Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta New York ak Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) te fè patenarya pou konplete enstalasyon plis pase 360 limyè LED deyò avèk nouvo teknoloji pou chanje koulè k ap transfòme achitekti inik plaza a an selebrasyon vizyèl pandan tout ane a. Nouvo ekleraj ekoenèjetik la ap kòmanse pou piblik la pi ta jodi a nan [seremoni pye bwa limen sezon fèt](#) chak ane nan Empire State Plaza a 5:15 p.m.

"Mwen kontan pou anonse achèvmman afichaj ekleraj pasyonan sa nan kè kapital eta nou an, jis alè pou ekleraj pye bwa a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè ekleraj pye bwa ak ekleraj ki pi gran ki fini an se senbòl lespwa ak optimis apre yon ane edmi difisil, epi reflekte angajman eta a pou yon avni ki pi vèt, pi efisyen."

Ekleraj deyò a fè pati yon pwojè apeprè 16 milyon dola ekleraj LED konplè nan plaza a ki pwograme pou fini nan 2023. NYPA ki finanse epi mete anplas pwojè a, ap kowòdone ak OGS sou ranplasman plis pase 95,000 limyè nan tout bilding nan plaza a ak nouvo enstalasyon LED. Inisyativ la sipòte dirèkteman angajman eta a pou yon Empire State Plaza ekolojik ak objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè yo (Climate Leadership and Community Protection Act), atravè ogmantasyon efikasite enèji epi diminye demann elektrisite a twa pousan chak ane—sa ki egal a 1.8 milyon kay nan New York—apati 2025.

**Komisè pa enterim OGS, Jeanette Moy, te deklare,** "Festival sezon fèt pa ane sa nan Empire State Plaza se opòtinite pafè pou revele yon nouvo sistèm ekleraj LED deyò. Sa ap diminye itilizasyon enèji a mwens 85 pousan epi klere bilding achitekti inik yo nan Plaza a nan koulè espektakilè. Nouvo limyè yo ap yon bagay ki ajoute ki frapan nan orizon Albany pou evènman sa ak pou okazyon espesyal alavni yo. Mwen fyè de sa OGS ak NYPA ap akonpli ansanm pou konstui yon Eta New York ki pi ekolojik, pi dirab."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa NYPA a, Justin E. Driscoll, te deklare,** "NYPA ak OGS ap aplike yon transfòmasyon enèji global nan Empire State Plaza atravè devlopman gwo jenerasyon solè adistans, pwojè ki efikas pou enèji ak rezistans nan avantaj konplèks la, epi nou trè kontan fini nouvo sistèm ekleraj LED la alè pou ekleraj pyebwa anyèl la ak sezon fèt la. Limyè yo gen kapasite pou byen klere bilding yo nan plaza a pou koresponn avèk divès selebrasyon yo pandan ane a."

Nan septanm 2019, NYPA ak OGS te fè yon evalyasyon opsyon enèji pou Empire State Plaza atravè yon seri verifikasyon teknik, sesyon ekout kominotè, ak rankont ak asosyasyon katye yo. Plan konplè ki devlope a, ki enkli mizajou limyè LED la, genyen inisyativ adisyonèl sa yo:

- Devlopman an ankou nan yon [pano solè adistans](#) 30-megawatt nan Oriskany k ap bay jiska mwatye bezwen enèji plaza a.
- Konstriksyon an ankou sou yon mizajou elektrik a peprè 30 milyon dola pou youn nan refwadisè a vapè sou plas yo pou diminye itilizasyon gaz lokal ak emisyon yo a 18 pousan. Yo prevwa pou pwojè a fini ane pwochèn.
- Mizanplas la ankou pou ranplasman 60 milyon dola jeneratris ijans ki egziste sou sit la yo ak inite modèn, efisyan, ki gen emisyon ki fèb epi ki pa fè anpil bui. Yo prevwa pou pwojè a fini nan de pwochèn ane yo.
- Ansyen chemine an asye nan ansyen izin ANSWERS la te demoli.
- Anplis, OGS ak NYPA gen plan pou kòmanse yon [odit enèji konplè](#) plaza a pou detèmine ki lòt aksyon ak pwojè yo ta dwe pouswiv.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

Biwo Sèvis Jeneral la (OGS) te tabli an 1960 pou bay sèvis sipò esansyèl pou operasyon gouvènman eta a. Depi lè sa, OGS te grandi nan fason enpòtan nan nivo ak kompleksite. Jodi a, OGS se yon òganizasyon divèsifye ki bay yon laj evantay sèvis pou ajans eta, gouvènman lokal, ak piblik la.

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi Eta. Li finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite [www.nypa.gov](http://www.nypa.gov) epi swiv nou sou [Twitter](#) @NYPAenergy, [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#), ak [LinkedIn](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418